

**Enstriksyon:** Dokiman sa a se pou timoun ki gen mwens pase 18 lane, epi ki kalifye pou yo enskri nan yon Health Home. Epitou, li la pou paranyo, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize yo. Nou dwe egzamine dokiman sa a avèk yo anvan yo ranpli *Fòm Enskripsyon Health Home pou bay Konsantman pou Pataje Enfòmasyon, nou itilize pou timoun ki gen Mwens pase 18 lane* (DOH-5201). Sepandan, timoun ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epi ki yon lòt fason kapab bay konsantman yo (18 lane oswa plis), pa dwe resevwa fòm sa a. Yo dwe resevwa fòm *Konsantman pou Pataje Enfòmasyon sou Pasyon ki nan Health Home* (DOH 5055) pou yo egzamine ak ranpli l.

### 1. Kisa Pwogram Health Home la ye?

Objektif pwogram Health Home la se pou asire nou ou resevwa swen ak sèvis ou bezwen pou rete an sante. Petèt li ka difisil pou jwenn yon bon doktè. Oswa, ou ka te ale lopital oswa nan sal ijans sa pa gen twò lontan. Pwogram **Health Home** la gen moun ki kapab ede w. Yo rele moun sa yo “responsab swen”. Kòm yon manm pwogram Health Home la, ou ap gen pwòp responsab swen ou.

Responsab swen ou an asire l ou resevwa sèvis ou bezwen yo tankou:

- randevou avèk pwofesyonèl swen sante yo (tankou doktè, enfimyè, nitrisyonis, konseye, pwofesyonèl pou sante mantal, pwofesyonèl pou moun ki abize sibstans yo, pwofesyonèl pou andikap nan devlopman,
- medikaman
- yon kote ki san danje pou w viv
- asirans pou peye swen ak sèvis yo, epi/oswa
- transpò pou randevou ou yo.

Responsab swen ou an travay avèk ou pou mete kanpe yon plan swen. Nan plan swen ou an ap gen lis sa ou bezwen, objektif pou chak sa ou bezwen, epi ki pwofesyonèl swen sante ak sèvis ou ap bezwen pou atenn objektif ou yo. Moun ak sèvis ki enplike nan plan swen ou an vin fè pati “ ekip ” Health Home ou an. Pou w kapab jwenn tout sa ou bezwen, manm ekip ou an dwe pale youn ak lòt, epi pataje enfòmasyon sou sante w.

Responsab swen ou an la pou ede w ak reponn kesyon ou yo.

### 2. Kòman mwen kapab kalifye pou yon Health Home?

Pou w kapab nan yon Health Home, ou dwe:

- gen yon sèl maladi ki kalifye w oswa de (2) oswa plis maladi kwonik,
- bezwen yon responsab swen pou ede w jwenn swen ak sèvis yo, epi
- gen Medicaid.

### 3. Ki avantaj ki genyen lè yon moun nan yon Health Home?

- Ou gen yon responsab swen ki ap kowòdone swen ak sèvis ou yo.
- Responsab swen ou an kapab ede w konprann fason pou jere swen sante ak bezwen sosyal ou yo.
- Ou gen yon ekip pwofesyonèl ki disponib pou reponn kesyon ou ka genyen yo
- Responsab swen ou an ap asire l pwofesyonèl swen sante ou yo pale youn ak lòt pou ede ou rete an sante

### 4. Kòman mwen kapab enskri pou yon Health Home?

Paran w, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a enskri w nan yon Health Home, li kapab fè sa pandan li siyen *Fòm Enskripsyon Health Home pou bay Konsantman pou Pataje Enfòmasyon, nou itilize pou Timoun ki gen mwens pase 18 lane* (DOH-5201).

Nan objektif enskripsyon an, yon reprezantan legal ki otorize se yon moun oswa yon ajans ki otorize nan Eta a, nan yon tribi, nan lame oswa gras ak lòt lwa ki aplikab, yon òdonans tribinal, oswa yon konsantman pou ajè nan non yon moun pou pran desizyon ki gen rapò ak swen sante”.

### 5. Depi ou fin enskri nan Health Home la, pwofesyonèl swen sante ou yo ak Health Home la ap bezwen pataje enfòmasyon sou sante w. Kisa ki “enfòmasyon sou sante a”?

Enfòmasyon sou sante w gen ladan l enfòmasyon jeneral ki konsène sante w. Li ka gen ladan l enfòmasyon sou maladi oswa blesi ou te genyen, dosye medikal, tankou radyografi oswa rezilta tès, oswa yon lis preskripsyon medikaman ou te pran. Enfòmasyon sou sante w ka gen rapò ak tretman pou pwoblèm sante ki sansib, li gen ladan l, men se pa sa sèlman: VIH/SIDA; Maladi Moun Pran nan Fè Bagay; Pwoblèm Sante Mantal; oswa Tretman pou Moun ki Pran Dwòg oswa Alkòl.

## 6. Kisa sa vle di “pataje” enfòmasyon sou sante?

Moun ki kapab pataje enfòmasyon sou sante w kapab:

- jwenn,
- gade,
- li,
- pale, epi/oswa
- fè kopi enfòmasyon sou sante w selon fason lalwa pèmèt li.

## 7. Poukisa Health Home la ak pwofesyonèl swen sante yo bezwen enfòmasyon sou sante w?

Sonje, li enpòtan pou tout moun ki nan ekip Health Home ou an kapab pale youn ak lòt. Sa vle di y ap bezwen pataje enfòmasyon sou sante w. Nou ap itilize enfòmasyon sou sante w pou:

- ede w jwenn swen,
- ede ou jere swen w, epi
- asire nou asirans sante ou an ap fonksyone epi li wè kisa li ap peye.

Plan sante (konpayi asirans yo) pa kapab itilize enfòmasyon sou sante w pou decide si y ap ba ou yon asirans sante. Yo pa kapab itilize enfòmasyon sa a pou yo decide peye fakti medikal ou an. Plan sante a gen pwòp fòm li pou li kapab jwenn enfòmasyon sa a.

## 8. Kikote enfòmasyon sou sante m ap sòti?

Enfòmasyon sou sante w ap sòti nan espas ak nan men moun ki te ba ou yo, oswa ki ap ba ou yo aktyèlman, swen sante oswa asirans sante ou. Li ka genyen ladan l lopital, doktè, famasi, laboratwa, plan sante (konpayi asirans), Pwogram Medicaid lan, dantis yo, ak lòt gwoup ki pataje enfòmasyon.

## 9. Kiyès ki kapab pataje enfòmasyon sou sante m?

Paran w, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a decide kiyès ki ap pataje enfòmasyon sou sante w lè li ranpli *Fòm Enskripsyon Health Home pou bay Konsantman pou Pataje Enfòmasyon*. Nou itilize l pou Timoun ki gen mwens pase 18 lane (DOH-5201), Seksyon 1. Nan objektif pou pataje enfòmasyon sou sante, yon reprezantan legal ki otorize se yon moun oswa yon ajans ki otorize nan Eta a, nan yon tribi, nan lame oswa gras ak lòt lwa ki aplikab, yon òdonans tribinal, oswa ki gen konsantman pou ajì nan non yon moun pou pataje enfòmasyon medikal. Si yon komisè lokal pou sèvis sosyal se moun ki bay konsantman l pou swen sante ou a, alò se li menm ki ap moun ki bay konsantman l pou pataje enfòmasyon sou sante w.

Nan kèk sitiyasyon, lalwa kite w decide kiyès ki kapab pataje enfòmasyon sou sante w. Men kèk sitiyasyon kote ou gen kontwòl sou enfòmasyon sou sante w ak sou kiyès ki pou pataje yo, lè ou ranpli *Fòm Enskripsyon Health Home pou bay Konsantman pou Pataje Enfòmasyon* ki la pou timoun ki gen mwens pase 18 lane (DOH-5201), Seksyon 2:

- Planin familyal
- Kontrasepsyon annijans
- Avòtman
- Tès ak Tretman pou Enfeksyon Moun pran nan Fè Bagay
- Tès VIH
- Swen anvan akouchman, Tranche/Akouchman
- Tretman pou Moun ki pran Dwòg ak Alkòl
- Sèvis pou Agresyon Seksyèl
- Si ou ap resevwa sèvis pou pwoblèm Sante Mantal epi/oswa Twoub Devlopman – si ou gen plis pase douz lane, klinisyen ou a ka mande wanvan si ou vle pataje enfòmasyon ou yo

Epitou, Eta New York gen aksè nan enfòmasyon sou sante w paske li peye pou sèvis Medicaid ou an. Eta New York ka itilize enfòmasyon sou sante w pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Health Home la, pou fè chanjman ak amelyore l.

## 10. Ki lwa ak règleman ki pwoteje m sou fason yo kapab pataje enfòmasyon sou sante m?

Gen plizyè lwa federal ak nan Eta a. Lwa ak règleman sa yo gen ladan yo Lwa sou Ijyèn Mantal New York Seksyon 33.13 ak 33.16, Lwa sou Sante Piblik New York Atik 27-F, ak règleman federal sou konfidansyalite, ki genyen ladan l 42 CFR pati 2 ak 45 CFR pati 160 ak 164 [ki se règleman ki dezinye kòm Lwa Konsènan Mobilite ak Responsabilite pou Enfòmasyon sou Sante (Health Information Portability and Accountability Act, HIPAA)]. Règleman pou konfidansyalite Medicaid: Lwa sou Sèvis Sosyal nan New York §§ 367(b)(4), 369(4), Lwa sou Sekirite Sosyal § 1902(a)(7), 42 C.F.R. § 431.300 et seq., 42 CFR 457.1110, 42 USC §1396a(a)(7); 10 NYCRR Part 300 – Rezo Enfòmasyon sou Sante a nan tout Eta a pou New York (Statewide Health Information Network for New York, SHIN-NY) ak, Lwa sou Ijyèn Mantal nan New York 41.05, 41.07 ak 41.13 dekri responsabilite Inite Administrasyon Lokal (Local Government Unit, LGU) genyen pou li bay plan pou sèvis lokal. Epitou, LGU a la pou li bay oswa pou li bay kontra pou founi sèvis yo. Health Home la ak pwofesyonèl swen sante ki pataje enfòmasyon sou sante timoun lan dwe respekte lwa ak règleman sa yo.

**11. Kisa k ap rive si yon moun itilize enfòmasyon sou sante m epi mwen pa t dakò pou kite l itilize l?**

Si sa rive, ou kapab:

- rele biwo pou Office of Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil) nan 1-800-368-1019, oswa
- soumèt yon plent alekri sou: <http://www.hhs.gov/ocr/civilrights/complaints/>

Epitou, ou ka vle pou:

- rele youn (1) nan pwofesyonèl swen sante ki daprè sa ou di kapab wè dosye ou yo,
- rele responsab swen ou an oswa health home lan \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_, oswa
- rele Plan ki ap Jere Swen ou an si ou nan yon Plan ki ap Jere Swen.

Si ou sibi diskriminasyon paske ou pataje oswa divulge enfòmasyon ou ki gen pou wè ak twoub fizik oswa sikyatrik, tretman pou abi sibstans oswa alkòl, enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA, ou ka kontakte New York State Division of Human Rights (Divizyon pou Dwa Moun nan Eta New York) nan 1-888-392-3644. Ajans sa a gen responsabilite pou pwoteje dwa ou yo.

**12. Èske mwen gen pou m peye pou m kapab nan Health Home la?**

Non. Se Medicaid ki ofri pwogram Health Home lan.

**13. Èske mwen gen obligasyon pou mwen nan yon Health Home?**

Non. Ou pa gen obligasyon pou ou nan yon Health Home.

**14. Si mwen pa enskri nan yon Health Home, èske m ap toujou kapab jwenn sèvis sante?**

Wi. Ou kapab toujou wè doktè ak pwofesyonèl swen sante w, jwenn sèvis sante ak kenbe asirans sante w.

**15. Si mwen enskri nan yon Health Home jodiya, èske mwen ap kapab sòti nan Health Home la nenpòt lè?**

Wi. Ou kapab chanje lide nenpòt kilè, epi sòti nan Health Home la. Sepandan, paran, responsab legal oswa reprezantan legal ki otorize a dwe dakò epi li dwe kontakte responsab swen ou an, ajans ki ap jere swen an oswa Health Home la.

**16. Konbyen tan konsantman mwen an ap dire?**

Konsantman ou an ap dire jiskaske ou kite pwogram Health Home lan, oswa ou pa kalifye ankò pou Health Home la, oswa si Health Home la p ap fonksyone ankò, oswa si ou vin gen laj oswa ou nan sitiasyon pou bay konsantman w pou kont ou, epi ou ranpli fòm Konsantman pou Pataje Enfòmasyon sou Pasyan (DOH-5055).

**17. Si mwen pa enskri nan yon Health Home jodiya, èske mwen ap kapab chanje lide pi devan?**

Wi. Ou kapab enskri nenpòt kilè, si ou kontinye kalifye.

**18. Si mwen gen kesyon sou Pwogram Health Home la, mwen kapab kontakte:**

\_\_\_\_\_ moun ki voye l la \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_  
Non Responsab Swen an, si ou konnen l Non Ajans ki ap Jere Swen an Nimewo Telefòn

Non Health Home la: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_